84(5 Qar)
Ю-77

Q.M. WORAZI'MBETOV



# BALALARG'A BAZARLI'Q

84(5Qar)
Ш-77

Q.M. WORAZI'MBETOV

# BALALARG'A BAZARLI'Q

*(Kishi ha'm worta mektep jasi'ndag'i' balalarg'a arnalg'an gu'rrin'ler ha'm qosi'qlar)*

NO'KIS
«QARAQALPAQSTAN»
2013

Is ju'rgiziw bo'limi
INV 84153

UDK: 821.512.121-3.

BBK: 5 Qar.
W-77

**Quwatbay Worazi'mbetov**
**«Balalarg'a bazarli'q»** *(Gu'rrin'ler ha'm qosi'qlar)* No'kis: «Qaraqalpaqstan», 2013-ji'l. 24 bet.

Q. Worazi'mbetovti'n' bul kitabi'na wo'tken ji'llar arali'g'i'nda jazg'an gu'rrin'leri ha'm qosi'qlari' kirgizilgen. Avtordi'n' ana, Watan, ulli' ayyamlar haqqi'nda jazg'an qosi'qlari' ha'm balalar turmi'si'nan ali'p jazi'lg'an gu'rrin'leri qi'sqa qatarlarda ko'rkem sa'wlelengen.

Bul kitaptan wori'n alg'an shi'g'armalari' balalar kewlinen jay ali'wi'na gu'man joq.

**Pikir bildiriwshiler:**

**Tursi'murat Yechanov** — *Shayi'r, Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan jazi'wshi'lar awqami' ag'zasi'.*

**ISBN 978-9943-4043-2-8**

**© «Qaraqalpaqstan» baspasi', 2013-j.**

# BALALARG'A BAZARLI'Q

*(Kishi ha'm worta mektep jasi'ndag'i' balalarg'a arnalg'an gu'rrin'ler ha'm qosi'qlar)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspasi'*
*No'kis—2013*

Redaktori' — *R. Abbazov*
Operatori' — *Y. Aljanov*

Original-maketten basi'wg'a ruqsat yetilgen waqti' 05.04.2013.
Qag'az formati' 60x84$^{1}/_{16}$. Ofset usi'li'nda basi'ldi'.
Garniturasi' — «Times». Ko'lemi 1,5. b/t., 1,16 sha'rtli b/t.,
0,80 yesap b/t. Ja'mi 500 nusqada. Bahasi' sha'rtnama boyi'nsha.
Buyi'rtpa №16.

Wo'zbekstan Respublikasi' Ministrler Kabineti ta'repinen baspa xi'zmeti menen shug'i'llani'w ushi'n 2008-ji'l 30-sentyabrde AI №114 **licenziyasi'** berilgen.

«Qaraqalpaqstan» baspasi': 230100,
No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

«Qaraqalpaqstan» baspasi'nda basi'ldi'.

## MARATTI'N' TAWI'G'I'

Marat tog'i'z jasta. Ag'asi' menen apasi' ag'ayinlerinin' u'yine qi'di'ri'p ketkende wol tosattan awi'ri'p qaldi'. U'yinde tek kempir apasi' qalg'an yedi. Aqli'g'i'ni'n' awi'rg'ani'nan qatti' qori'qti'. Denesin uslap ko'rip yedi, i'ssi' yeken. Ne islerin bilmey biraz turdi'. Son' yesine qoli'ni'n' «ebi» bar ta'wipsimaq U'zildik kempir tu'sti de, da'rhal woni' shaqi'ri'p keldi.

— Balan' ko'zigipti, — dep tu'sindirdi ta'wip kempir, — basi'n' awi'ri'p uyqi'n kele bere di yeken, balam, solay ma? — dep Marattan soradi'.

—Awa, basi'm awi'radi'...

— Aytaman g'oy, balan'a uzi'n boyli' ko'k ko'zli kisinin' sug'i' wo'tipti. Quday saqlap meni waqti'nda shaqi'rg'ani'n'i'z maqul bolg'an. Ja'ne biraz keshikkende suq deneni jaylap alayi'n dep tur yeken... Son' kempir qudaydi'n' ati'n atap tu'siniksiz birden'elerdi mi'n'g'i'rladi'. «Buni'n' yemi tawi'q», dedi kempir.

Maratti'n' sheshesi ta'wiptin' buyri'g'i'n wori'nlaw ushi'n hasasi'n tayani'p, dalag'a shi'qti'. Ko'shede woynap ju'rgen balalardi' shaqi'ri'p, Maratti'n' jaqsi' ko'retug'i'n qi'zi'l ma'kiyenin uslap beriwdi soradi'.

— Maratjanni'n' basi'ni'n' sadaqasi', ba'le usi'ni'n' menen ketsin, — dep gu'birlendi kempir, balalar uslap a'kelgen ma'kiyendi ta'wiptin' qoli'na uslati'p ati'ri'p.

— Bir kese suwi'q suw a'kel, — dedi ta'wip kempir awzi'ndag'i' nasi'bayi'n a'teshtang'a tu'kirip taslap.

Buyri'q wori'nlandi'.

Ta'wip kesedegi muzday suwdi' urtlap Maratqa bu'rkip jiberdi. Nasi'baydi'n' qaldi'g'i' aralas muzday suw shashi'rag'anda Marat «selk» yete qaldi'.

— Ket pa'leket, ket, — dep Maratti' aylani'p tawi'q penen sabalap ju'r. Tawi'q ti'pi'rshi'lap, Marat qi'shqi'ri'p ji'lap ati'r. Wog'an qaraytug'i'n ta'wip joq. Aqi'ri' sharshadi' ma, sabalag'andi' qoyi'p, uh, dep woti'ra ketti.

— Al, boldi' qarag'i'm, — peshtin' quwi'si'na shi'g'i'p i'ssi' worani'p jata g'oy, — dedi tentireklep ayag'i'nda zorg'a turg'an Maratqa. Quday qa'lese, yeki-u'sh ku'nnen woqi'wi'n'a barasan', balam.

Xi'zmetin' ushi'n, — Ulman kempir ta'wiptin' alaqani'na «ko'k qag'az» basti'. A'rwaqti'n' joli'na dep tawi'qti' da berip jiberdi. «Qag'i'lg'an tawi'q tiri qalsa, ma'kiriw boladi' yemish. Quranni'n' pa'leninshi betinde jazi'lg'an yemish».

Ta'wip kempir «allahuw a'kbar» dep qoli'n jaydi' da ma'kiyendi ali'p jo'nele berdi. Marat yeki ku'n tu'we bir ha'pteden de jazi'lmadi'. Qayta awi'ri'wi' asqi'nlap ketti. Aqi'ri' bolmag'an son' Ulman kempir qon'si'lari'na ayti'p, Maratti' yemlewxanag'a aparg'i'zdi'. Wol ayazlap awi'rg'an yeken. Bir ha'pteden son' jazi'li'p ketti.

* * *

...Bir ku'ni ko'shede woynap ju'rip, Marat ta'wip kempirdin' yesiginin' aldi'nda wo'zinin' qi'zi'l ma'kiyenin ko'rip qaldi'. Wol ma'kiyendi uslamaqshi' boli'p biraz ha'leklendi. Biraq, woni' ta'wip kempir ko'rip qali'p, quwi'p saldi'.

Keshte Marat bul waqi'yani' kempir apasi'na wo'kinish penen ayti'p berdi. Ulman kempir de wo'zinin' aldang'anli'g'i'n bildi. Biraq, qi'zi'l ma'kiyen qoldan ketken yedi.

## AQ BANTIK

Ayna aldi'nda qoyi'w qara shashi'n tarap kishkene qi'z tur. Wog'an divan u'stinde woti'rg'an a'ke mehribanli'q penen tigile qaraydi'. Basi'na taqqan bantigi tap tan' aldi'nda ashi'lg'an appaq gu'lge uqsaydi'. A'ke worni'nan turi'p qi'zi'ni'n' qasi'na bardi' da basi'nan si'ypadi'.

— Qa'demin' sa'tli bolsi'n qi'zi'm! Ju'r, wo'zim mug'allimin'e apari'p tapsi'rayi'n, — dep Satay ag'a shaqqan qi'ymi'ldap qi'zi' menen u'yden shi'qti'.

Tan'dag'i' salqi'n samalg'a ko'kirek kerip, a'keli-balali' wolar quwani'sh ten'izinde jelqomday qalqi'ydi'. Mine, qali'n' taldi'n' arasi'nda u'sh qabatli' jay tur. Bul bilim wordasi'. Bayanni'n' woqi'ytug'i'n mektebi. Satay mektepke qi'zi'ni'n' qoli'nan uslap, taqtay to'selgen poldi' toqi'ldata saldamli' adi'mlap kirdi. Mektep ishi shi'ni'nda da abi'r-sabi'r yeken. Bir topar mug'allimler menen woqi'wshi'lar zalg'a ji'ynali'wda.

— A'ne anaw turg'an mug'allimin' boladi', — dedi wol Bayang'a. Bayan wo'zindey balalardi'n' arasi'nda turg'an mug'allim qi'zg'a u'yinen ali'p shi'qqan jupar iyisi an'qi'g'an gu'l da'stesin ala ju'rdi...

Gu'l da'steni mug'allimi uzaq waqi't iyiskep turdi' da ati'n' kim dep soradi' ha'm teteles balalari'na qosti'.

— Qa'ne, ba'rin' qatar turi'n'lar, — degen baslawshi'ni'n' dawi'si' menen qosi'la qon'i'raw sesti yesitildi. Mektep formasi'n kiygen top-top qi'zlar menen balalar qatarg'a turdi'. Wolar bi'yi'l segizinshi klasta woqi'ytug'i'nlar yedi. Qollari'nda qushaq-qushaq gu'l da'ste. Mine, birewi yen'keyip kelip, Bayanni'n' man'layi'nan su'ydi de, wo'zi a'kelip mug'allimine usi'ng'an gu'lda'stesinen de u'lken ha'm suli'w gu'lda'steni usi'ndi'.

Bul waqi'tta Bayanni'n' quwani'shi'ni'n' shegi joq yedi. Arti'na jalt buri'ldi' da, gu'ldi qushi'rlana iyiskedi. Wotli'

ko'zqaras, qanday quwani'shli' ko'zqaras. Qi'zi'ni'n' bul ko'zqarasi'n bir gezdegi basi'nan keshken, usi'g'an uqsas waqi'yani' Sataydi'n' yesine tu'sirip jiberdi.

...Awa, wol waqi'tta Satay tek g'ana qi'zi'ni'n' jasi'nda yedi. Sol tu'ni kesh jatsa da yerten'ine tan' azanda woyandi'. Qoli'na su'lgi ali'p, moyni'n, betin i'sqi'lap juwi'ndi'. Bunnan keyin uyqi'si' shayday ashi'li'p, boyi' jen'illegendey boldi'.

— Quli'ni'm-aw, tan' atpay juwi'ni'p ati'rg'ani'n' ne? Ton'asan' g'oy, suwi'q wo'tpese bolar yedi? — dep pa'yik boli'p ju'rgen anasi'ni'n' so'zin wol na'rse yesitetug'i'n yemes.

— Apa, gu'l qayda, gu'l, — dep yentigip tur.

—Gu'lin' bar, a'jag'an'ni'n' keshe qaladan a'kelgeninen beri soli'p qalmawi' ushi'n suwg'a sali'p qoyi'ppan. Usi'nshama yerte turi'p qayda barasan'. Bu'gin woqi'wdan tarqag'ani'n'i'zg'a u'sh ku'n boldi' g'oy, kanikulda yemespisen'? — dep anasi' Sataydi'n' basi'n si'ypadi'.

— Apa, biz woqi'mag'an menen mektepke bari'wi'mi'z kerek. Bu'gin joqari' klass woqi'wshi'lari'ni'n' pitkeriwine son'g'i' qon'i'raw qag'i'ladi'.

— A-A-a, wonda bara g'oy, balam. Biraq, yele yerte. Ju'r, awqatlani'p al.

Sonda da Satay asi'qqani'n qoyg'an joq. Apasi' yekewi shaydi' shala-pula ishti de, mektepke baratug'i'n gu'zar jolg'a tu'sip aldi'. Jolda wo'zlerindey a'ke-sheshesin yertip barati'rg'anlarg'a qosi'li'p, a'jik-gu'jik so'ylesiwi menen mektepke jetip-aq qali'pti'.

— Apa, mine keldik. Yendi men gu'ldi mug'allimime beremen. Satay usi'ni' aytti' da, mug'allimine qaray juwi'ri'p ketti. Ustaz gu'l menen qosa wo'zin de su'yip yedi sonda. Usi'ni'n' ba'rin anam ko'rip turma dep arti'na qarap yedi, anasi' qarap tur yeken. Qanday quwani'sh. Ayti'p til jetpeydi.

Bul waqi'ya yesine tu'skende qi'zi'ni'n' da ha'zir sheksiz quwani'shta yekenin bildi.

## WO'TELGEN AYI'P

Terezesine ko'k perde tuti'lg'an za'wlim, ko'z qamasti'rarli'qtay suli'w aq jayda Turdi'bay ag'ani'n' shan'arag'i' turadi'. Wondag'i' apami'z Almagu'l qaladag'i' du'kanlardi'n' birinde xi'zmet yetedi. Turdi'bay ag'a Watandarli'q uri'sti'n' veterani', quri'li'sshi'. Jaz ku'nleri wolardi'n' yesiginin' aldi'ndag'i' trotuar menen wo'te qoysan'i'z, kishkene gu'l bag'di' ushi'ratasi'z. Mine, mi'naw sol gu'l bag'. Arasi'na jan'a g'ana woti'rg'i'zi'lg'an roza gu'linin' na'lsheleri. Tu'bin shala jasi'rg'an qara qon'i'r qi'y aralas bos topi'raqlar bul gu'ldin' jaqi'nda g'ana woti'rg'i'zi'lg'ani'nan aytpay-aq derek beredi.

Bir bala bag'di' aylandi'ri'p worap qoyg'an ag'ash qorg'annan atlap, roza gu'li wo'sip turg'an wori'ng'a keldi. Botinkasi' ju'zim na'wshesin qi'ysayti'p ketti. «Ne qi'lg'an a'depsiz jan» degendey ko'terilgen wo'kshenin' izinen qaytadan qa'ddin tikledi, jas na'lshe. Kele sala birden roza gu'lin bala tu'bi menen juli'p ali'p, keyin shegindi. Ko'shenin' arg'i' buri'li'si'nan wo'zine qaray kiyati'rg'an ko'z a'ynekli mug'allimin ko'rgende shorshi'p ketti. Julg'an na'lsheni arti'na ko'legeylewi menen u'n-tu'nsiz u'yine qaray zi'p berdi. Uzaq arali'qti' juwi'ri'p wo'tpese de man'layi'nan i'p-i'ssi' ter shi'qti'. «Men qori'qpayman. Senin' qoli'n'ni'n' yebi joq. Gu'l degendi u'yge apari'p ayna aldi'na u'yip qoyi'ppan. Birewi soli'sa birewi...», — degen sabag'i'nan u'lgermey bir ji'l klasta qali'p, wo'zi menen woqi'p ati'rg'an Turmanni'n' so'zine yerip wo'zinin' yepli yekenin, qoli'nan ha'r na'rse keletug'i'ni'n ko'rsetpekshi boli'p islegen qi'lmi'si'na wo'zi uyaldi'.

Wori'nbay yekenimdi ustazi'm sezip qoymasa ne jaqsi'. U'yine barg'an son' da shofyor ag'asi' menen apasi' bul a'detin keshire me. Qashi'p kiyati'rg'an bala usi'lardi' woylap u'yine jaqi'nlag'an jerden kishkene wori'n qazi'p i'lay tu'bi menen

turg'an roza gu'lin ko'min'kirep ketti. Son'i'nan tarti'na u'yine kirdi.

Ba'ribir ti'ni'shsi'zlandi'. Gu'ldi worni'na qoymasam doslari'm sezip qoyi'p jerkenishli qaraytug'i'n boladi'. Yerten' mug'allimimnin', Turdi'bay ag'ani'n', Almagu'l apani'n', doslari'mni'n' ju'zine ne betim menen qarayman. Jer jari'lmadi', men kirmedim. Qoy, wonnan da duri'si'nan keleyin. Ayi'bi'mdi' moyi'nlap shi'ni'mdi' aytayi'n. Mu'mkin, Turman da qa'teligin ug'i'ni'p, mag'an qosi'lar. Turdi'bay ag'ag'a gu'llerin ta'rbiyalasi'wg'a ja'rdemlesiwdi soransam, mu'mkin ruqsat berer, kishipeyil, qoli'nan kelgeninshe basqalardi'n' so'zin si'ndi'rmaytug'i'n kisi yedi g'oy.

* * *

Turdi'bay ag'ani'n' u'yinin' aldi'nda mektep formasi'n kiygen bir bala gu'llerge suw quyi'p, an'qi'g'an jupar iyisti berile juti'p jur. Wol kozge i'si'q ko'rinetug'i'n gu'llerdin' barli'g'i'nan da, boyshan' ha'm suli'w gu'lge qayta-qayta worala berdi. Usi' gu'lge, tek bala g'ana yemes tu'rli tu'stegi gu'belekler de, pal ha'rreleri de u'yir bolmaqta. Bul jas waqti'nda urlang'an roza gu'li yedi.

— Wori'nbay balam, bereket tapqaysan', senin' ja'rdemin'nin' arqasi'nda gu'ller qulpi'ri'p, ju'zimler qulash jayi'p ji'ldag'i'dan jaqsi' boli'p wo'sti. Bi'yi'lg'i' na'lshelerdin' bir de birewi soli'madi'. Qoli'n' yepli, miynetkesh yekensen'. Miynetin'nen qashan da kamal tabarsan', — dedi, u'y aldi'ndag'i' woti'rg'i'shta woti'rg'an Turdi'bay ag'a, baqsha arasi'nda gu'llerdi sywg'ari'p ju'rgen Wori'nbayg'a, wonnan son' yepeleklep ushi'p ju'rgen gu'beleklerge qarap.

Baqshadag'i' roza gu'li basqa gu'ller menen birge «ayi'bi'n'di' keshirdim, xi'zmetin'e raxmet!» degendey wo'lpen' samal menen terbelip, yendi sabag'i'na barati'rg'an balag'a ta'jim yetip turg'anday ko'rindi.

# QANAT QAQQAN QARLI'G'ASH

Ha'r waqi'tta keleshegimizdi ku'temiz biz. Bu'gin woqi'wshi' bolsaq, yerten', student bolsaq yeken, student bolsaq, wo'z qa'nigeligimizdin' si'rlari'n teren' iyelep alsaq yeken, deymiz. Qullasi' wo'mir wo'zinin' ali'nbag'an jan'a shi'n'lari'na shaqi'radi'. Al, jasi'mi'z shegine jetken waqi'tta da keleshegimizdi woylaymi'z ba?! Ha'r kimnin' ju'rer joli' jasli'qtan baslanadi' g'oy.

9-klass ishi ji'm-ji'rt. Bu'gin de taxta aldi'nda Polat to'men qarap tur. Sabaqqa tayarlanbay kelgen. Iske jaqi'nda aralasqan jas ustaz G. To'legenovag'a sha'kirtinin' bul turi'si' unamadi'. Woni' woqi'wshi' haqqi'ndag'i' ti'ni'msi'z woy wo'z jetegine aldi'. Bilmeytug'i'n woqi'wshi'g'a ne islew kerek? Ura ma yaki uri'sa ma? Joq! Wog'an tu'sindiriw kerek. Haw, wo'tken sabaqta shi'ja-pi'jasi' shi'g'i'p tu'sindirip yedi g'oy? Ba'ribir woqi'wshi'da sabaqqa degen qi'zi'g'i'wshi'li'q, keleshekke talpi'ni'w sezimi bolmasa qa'ytedi. A'lbette woni' woqi'ti'wshi' sha'kirtinin' sanasi'na yegiwi tiyis. Bul ushi'n ta'jiriybeli mug'allimler menen ken'esiwi kerek. Ko'rgizbeli qurallardi' paydalani'p, sha'kirtlerge fizikani'n' tilsimli si'rlari'n u'yrewtige talaplanadi'.

Jas ustaz teren' woyg'a batti'.

* * *

Gulzapran tuni menen uyqi'lamay shi'qti'. Ko'zi iline bergende bu'gingi ti'ni'shsi'z woylar uyqi'si'n shayday ashi'ldi'radi'. Qi'z ju'regi tolqi'ydi'. Wol jati'rg'an krovat qali'n' yel shi'rt uyqi'g'a ketse de, shi'ti'rlawda. Shamasi' woy shi'rmawi'nan ayri'la almay ati'r-aw. Awa, wo'mir yesigin birinshi ma'rtebe ashi'p, wo'mirge wo'z betinshe qa'dem taslag'an qi'zg'a ushi'rasqan birinshi qi'yi'nshi'li'q yedi bul. Gulzapran bir awdari'li'p tu'sip, jen'il gu'rsindi.

— Balam-aw, yele uyqi'lamay ati'rsan' ba? Uyqi'lasan'-o, tawi'qti'n' yekinshi shaqi'ri'mi' boli'pti' g'oy, — dep peshtin' quwi'si'nda jati'rg'an Patpa qi'zi'ni'n' jani'na kelip, mehriban qollari' menen man'layi'nan si'ypadi'.

- Sag'an ne bolg'an? Son'g'i' waqi'tlari' ku'ni menen mektep te bolasan', wonnan son' kitapqa u'n'iliw, al aqsham tu'n jarpi'na shekem ko'z ilindirmeysen', yerkin jati'p bir dem alsan'shi', balam-aw...

— Tek, wo'zim g'oy apa... Keleshegim tolg'andi'radi'. Gulzapran qi'si'li'p-qi'mti'ri'li'p anasi'na ne derin bilmey qaldi'. «Ana ju'regi qanday mehriban, na'zik, qi'zi'ni'n' qi'ynali'p ju'rgenin de ishinen sezedi. Biraq, bilmegenge aladi'. Ko'p woylani'p bir sheshimge kelgen qi'z qalay uyqi'lap ketkenin de bilmey qaldi'.

* * *

«Waqi't degen qanday ju'yrik desen'shi? Keshe g'ana alaqani'na sali'p ayalag'an na'restesi yendi boy jetipti. Bul ku'ndi wo'z ko'zim menen ko'rgenime shu'kir». Woshaq basi'nda qon'si' u'ydin' kempiri menen so'ylesip woti'rg'an Patpa kempir ko'z jasi'n si'g'i'p aldi'. Quwani'shti'n' jasi' yedi bul.

— Qi'zi'n' tap a'kesi To'legen ge uqsag'an, geypara jaslarday jen'iltek te yemes, so'zge tu'sinedi, zeyinli, — dep qon'si' kempir de unatatug'i'nli'g'i'n bildirip ati'r.

«Kimdi aytsan' sol keledi» degen g'oy xali'q. Yeki kempir shayg'a yele qanbay ati'ri'p-aq yesikten Gu'lzapran quwani'shli' kirip keldi.

— Apa, su'yinshi, men student boldi'm! — dep kirer-kirmesten anasi'na quwani'shi'n jetkizip ati'r. Keyninen u'ydegiler menen sa'lemlesip aman-esenlik sorasti'. «Student» degen ne, qarag'i'm-aw, duqti'r ma, agronom ba? Bolmasa qala-palada

isleytug'i'n jumi'sti'n' ati' ma, — dep qon'si' kempir tu'sinbey ju'zi quwani'shtan bal-bul jani'p turg'an qi'zg'a tigildi.

— Haw qi'zi'm, yerten' mug'allim bolaman desen'shi?! Woqi'wi'n' qutli' bolsi'n, tezirek maqsetin'e jetkeysen', — dep yeki ana so'z ma'nisin tu'singennen keyin wo'z tileklerin bildirdi.

— Raxmet, analar! Gu'lzapran yerkelep anasi'n qushaqladi'.

Bul studentlik womirge atlang'an tun'g'i'sh qa'demi yedi.

Qi'zi'g'i' menen qi'yi'nli'g'i'na toli' studentlik wo'mir suwday ag'i'p demde-aq wo'tip ketti. Qa'dimgidey 1970-ji'ldi'n' jadi'rag'an jazi' keldi. Ha'mmege ma'lim asaw A'miw bul ku'nleri ku'shine yenedi. Jer u'sti ko'k lipasqa woraladi'.

Uzi'n boyli', toli'qsha deneli, gu'lli woramal tartqan qi'z aspandag'i' suli'w ko'rinis: aqsha bultlardi'n' samal menen tu'slikke awi'p barati'rg'ani'na uzaq qarap turdi'. Ju'regi sha'wkildep-aq tur ma deymen wo'zinin'. A'rman joli'ndag'i' isenimsizlik bultlari' wo'tip ketti. Alda wo'mir shaqi'radi'.

— Gu'lzapran bol-bol! Sen Frunze ati'ndag'i' mektepke ketetug'i'n boli'psan' g'oy, — dep qurdaslari' dosti'n qushaqlap ali'p, shi'r gu'belek aylandi'ri'p ju'r. Da'slepki qa'demin'iz sa'tli bolsi'n!

***

Woni'n' a'rmanlari' iske asi'p ati'r. Bu'gingi ku'nleri joqari' klass woqi'wshi'lari'na fizika si'rlari'n jali'qpastan u'yretiwde. A'lbette, da'slepki ku'nleri jen'il bolg'an joq. Talay tu'nlerdi uyqi'si'z wo'tkeriwge tuwra keldi. Pedagoglardi'n' miynetlerinen u'yrendi. Ta'jiriybeli woqi'ti'wshi'lar menen pikirlerin wortaqlasti'. Solay yetip, ushi'rasqan qi'yi'nshi'li'qlardan shi'g'i'wg'a jol tapti'. Jas pedagog uyreniw, izleniw u'stinde.

Bizin' keleshegimiz — jaslarg'a fizika tilsimlerin u'yret, a'rman shi'n'i'na wo'rley ber qanat qaqqan qarli'g'ash, deymiz biz!

## WO'KINISH

Arifmetika sabag'i' yedi. To'rtinshi klass woqi'ti'wshi'si' Ta'n'irbergen ag'a balalar menen sa'lemlesti de, na'wbetshinin' stol u'stine jazi'p qoyg'an qatnas qag'azi' boyi'nsha woqi'wshi'lardi' barlay basladi'.

— U'y jumi'si' da'pterin'izdi tayarlan', ha'zir ko'rip shi'g'aman, — dedi jurnalg'a bu'gingi wo'tiletug'i'n temani' jazi'p mug'allim.

Ustazdi'n' so'zin yeki yettirmey ha'mme woqi'wshi'lar da'pterlerin parta u'stine shi'g'ari'p qoydi'. Ulbosi'n da'pterin parta u'stine qoydi' da, ja'ne papkasi'na qayta sali'p tasladi'.

Reyimbaeva, u'y jumi'si' da'pterin' qa'ne? — dep soradi' ustaz.

— U'yde qali'p qoydi', — dep Ulbosi'n juwap berdi. Biraq, yeki ko'zin partadan alg'an joq.

— Sag'an juwap, u'yin'e bari'p da'pterin'di ali'p kel. Wori'nlag'an tapsi'rman'di' wo'zime ko'rset, — dedi Ta'n'irbergen ag'a.

Ulbosi'n ustazi' bulay deydi dep woylamag'an yedi. Wo'kindi. Ayag'i'n a'sten basi'p klastan shi'qti'. Yendi ne isleydi. Da'pteri bolsa partasi'nda.

Wol koridorda a'ri ju'rdi, beri ju'rdi. Basi'n joqari' ko'terip doslari'na da, ustazi'na da qaray almadi'.

Ustazi'ni'n' «da'pterin'di ali'p keldin' be? — degen sorawi'na wol:

— Joq. Men sizge jalg'an so'ylep yedim. Tapsi'rmamdi' wori'nlay almadi'm, da'pterim partada tur. Keshirin'iz, — dep zorg'a juwap berdi...

Usi' waqi'yadan keyin 6-sanli' worta mekteptin' 4-klass woqi'wshi'si' Ulbosi'n Reyimbaeva u'y tapsi'rmasi'n wo'z waqti'nda wori'nlap keletug'i'n boldi'.

## BALA TILI SHIYRIN

*(Mayda ushi'rma ga'pler)*

Wot jaqqannan keyin tu'ngi ayazda terezege qati'p shi'qqan qi'raw jibisip to'men qaray sopg'alap, suw boli'p ag'a baslapti'. Buni' ko'rip turg'an Axmet ag'asi'nan:

— Ag'a, anag'an qara?! Ayna da ji'lap tur ma? — dep tan'lani'p terezege qarapti'.

* * *

Diywalda qi'sti'ri'wli' turg'an portretke qarap woti'rg'an Axmet:

— Apa, apa! Papam mag'an ju'da' uqsaydi' ya, — dep sorapti'

* * *

— Balam, meni de wo'zin'dey apam tuwg'an.

— Seni de me?

— Awa.

— Wonda senin' apan' «da'wdey bolg'an shi'g'ar ya? — dep tan'lani'pti' Nargiza.

* * *

— Ag'asi', ti'mawrati'p woti'ri'psan' g'oy? Keshegi suwi'q uri'p ketpese bolg'ani' da'?

Buni' yesitken bes jasar Axmet tan'lang'an tu'rde:

— Aldap woti'rsan' apa, suwi'qti'n' qoli' bolmaydi' — dep juwap beripti.

* * *

Axmet penen Nargiza u'yinin' qasi'nda quyashlamada woynap ju'r yedi. Birden qorg'anni'n' si'rti'nan a'lle kimnin' i'sqi'rg'ani' yesitilipti. Woni' yesitken Axmet u'kesine:

— A'ne, meni dosti'm shaqi'ri'p ati'r, — dep juwi'ri'p ketipti.

Usi' ku'ni keshte samal ku'shli yese baslapti'. Terezenin' aldi'nda hu'wlirgen ses yesitilipti.

— Bul kim apa? — dep sorapti' kishkene Nargiza terezege qa'weterlengen tu'rde qarap.

— «I'sqi'ri'p» turg'an samal g'oy qi'zi'm.

— Haw, wonda Axmetti shaqi'ri'p turg'an shi'g'ar? U'yde joq dep qaytari'p jiberiw kerek yeken, — dep woylanbastan apasi'nan sorapti'.

* * *

Nargizani'n' anasi' bazardan kelgen waqi'tta jawi'n no'serlep quyi'p ketipti. Menin' u'yge kiriwime qarap turg'an yeken g'oy? — dep sel jawi'nda qalmag'ani'na quwani'pti'.

Buni' yesitip turg'an kishkene qi'zi' Nargiza qi'zi'qsi'ni'p:

— Jawi'nni'n' ko'zi qanday bolatug'i'ni'n ko'rip keleyin, dep si'rtqa juwi'ri'p ketipti.

* * *

Axmetti anasi' «qozi'm, qozi'm» dep yerkeletiwge a'detlengen. Wol da bul so'zge masayrap quwanatug'i'n yedi. Bir ku'ni awi'ldag'i' atasi'ni'n' u'yine qi'di'ri'p qaytqannan keyin, woni'n' minezi birden wo'zgerip sala berdi.

— Qozi'm, berman kele g'oy? — dep anasi' qi'di'ri'p qaytqan balasi'n shaqi'rg'anda, Axmet buri'ng'i'day juwi'ri'p barmapti'.

— Nege kelmeysen', «qoshantayi'm», — depti anasi' ja'ne.

— Men qozi' yemespen, qozi'ni'n' to'rt ayag'i' boladi' yeken, inanbasan' atamni'n' u'y betine bari'p ko'rersen', — dep juwap qaytari'pti'.

Balasi'ni'n' tiline qi'zi'qqan anasi' «ba'ri-bir sen menin' qozi'msan'» dep bawi'ri'na qi'si'pti'.

## AY QUWI'RSHAQ

Qara ko'zli ay quwi'rshaq,
Tag'ayi'n sag'an ay monshaq,
Baqshag'a suli'w bop bari'wg'a,
Tigeyin sag'an ay ko'ylek.

Kiyip bar sen baqshag'a,
Jag'i'p qalsi'n ba'rshege,
Qi'zlar ku'lip woynasi'n,
Quwi'rshag'i'm ko'p bolsi'n.

## ANAJAN

Kirpik qaqpay besigimdi terbetip,
Pana boldi'n' jasli'g'i'mdi' gu'l yetip,
Jaqsi'ni'-jamandi' teren' serletip.
Menin' jollari'mda ju'rgen anajan.

Ta'g'dirimdi yeslep, mehrin'di berip,
Tek te perzent ushi'n ba'rin u'lgerip,
Ju'reyin joli'n'da sha'men gu'l terip,
Senin' da'rgayi'n'da ku'lip anajan.

## UYQAS TAPSAN' JUMBAQLARI'M SHESHILER

Ha' balalar, balalar!
Jumbag'i'mdi' tabi'n'lar.

Meyli usas ali'n'lar,
Jumbaqlari'm di'm jen'il,
Ha' demey-aq tabasi'z,
Shadlani'si'p qalasi'z.

**1.**

«A'miw sonnan baslanar,
To'besi biyik ko'z talar», —
Dep g'arri' uzaq woylandi',
Taba almay ko'p tolg'andi'.
— Wol qaysi' taw, sen Ta'n'ir?
— Tawi'p bershi? Wol — ... (*Pamir.*)

**2.**

Kelsen' u'yge ku'limlep.
Ayalaydi' ku'nim dep,
Sonday-aq i'si'q qushag'i',
Sen dep shashi' ag'arg'an,
Bul kim? Wol — ... (*Anam.*)

**3.**

Kiyim tiksen' jetpes tawar,
Adam qorqar turpati' bar.
Bochka-bochka suw ishedi,
Kanallardan suw keshedi,
Murni'n qara, a'ne qalas,
Ati' u'sh ha'rip tutas,
Ne yeken wol tezirek bil?
— Da'w. Joq, wol — ha', a' — ... (*Pil.*)

**4.**

Ag'ashta wol wo'sedi,
Qon'i'r gu'zde pisedi,

Shaqalarda dizilgen,
Sabag'i'nan u'zilgen,
Da'mi shiyrin jegen abzal,
Qay jemis bul? Wol — ... (Shabdal)

5.

Bug'an bolar ha'mme mu'ta'j,
Saqlanadi' boli'p etaj,
Ishinde bar so'z marjani',
Woqi'g'an adam tan' qaladi',
Haywanlar da bos qalmag'an,
Turi'pti' a'ne at, ari'slan,
Bar wonda kiyik, tawi'q ta,
Qalmapti' g'oy shi'mshi'q ta,
Bul ne yeken ko'rin' woylap?
— Bilemiz wol su'yikli — ... (Kitap)

6.

Ayag'i' bar, moyni' joq,
Basi' kirttay qarni' toq,
Tili yekew uzi'n-qi'sqa,
Jari'sadi' di'm ali'sqa,
Awqatlandi'rsan' ha'r ku'ni,
Sharshamaydi' ku'ni-tini,
Hal-jag'dayi'n tursan' baqlap,
«Ti'q-ti'q» yeter wol ne? — ... (Saat)

7.

Ayaq-qolsi'z jumalap,
I'laqti'rsan' domalap,
Jetkermeydi ketedi,
Salmalardan wo'tedi,



INV № 84153

## «A'LIPBE BAYRAMI'»NI'N' U'MIT-TILEKLERI

*(Mug'allim woqi'wshi'larg'a ha'riplerge jazi'lg'an qosi'q qatarlari'n retlestirip bo'listiredi. Woqi'wshi'lar ha'ripler jazi'lg'an taqi'yalar kiyip, taqmaqlardi' wo'z i'rg'ag'i' menen kewilli atqaradi')*

I.

Woqi'wdi' ha'm jazi'wdi',
A'lipbeden basladi'm,
«A» ha'ribin u'yrenip,
Alg'a qa'dem tasladi'm.

joldasi'm bop a'lipbe,
Azamatqa ten'eldim,
«A'» ha'ribin u'yrenip,
Quwani'shqa bo'lendim.

«Baxi'tli' bol» so'zleri,
«B» ha'ripten baslanar,
Yendi a'lipbe menen de,
Waqi't keldi xoshlasar.

«Dosli'q» so'zin saqlayman,
Yeslerimde ha'r waqi't,
«D» ha'ribi kewlime.
Bag'i'shlaydi' zor baxi't.

Ustazi'mni'n' mehrinen,
Quwani'shli' woynadi'm,
«E» ha'ribin u'yrenip,
Gu'ller kibi jaynadi'm.

«F» ha'ribin u'yrenip,
A'keldi u'mit kewlime,
Yele xi'zmet yetemen,
Tuwi'p wo'sken yelime.

Umi'tpayman ustazdi'n',
Aytqan aqi'l so'zlerin
«R» ha'ribin u'yrenip,
Shi'raylandi' ju'zlerim.

Misli qustay qanat qag'i'p,
Ken'islikke ushsam deymen,
«G'» ha'ribin u'yrenip,
Bilim si'ri'n ashsam deymen.

U'yretken son' ustazi'm,
Wo'mirdi azlap an'ladi'm,
«H» ha'ribin u'yrenip,
Ushi'wg'a qanat qomladi'm.

Ustazi'm da quwandi',
Alg'a qa'dem qoyg'anda,
«X» ha'ribin u'yrendim,
Zawi'q berdi mag'an da.

Teren' bilim iyelew,
U'lken baxi't adamg'a,
«I'» ha'ribin u'yrendim,
Xi'zmetim sawg'a Watang'a.

Mektepke qatnap ha'r ku'ni,
Ko'rdim ko'rmegenimdi,
«I» ha'ribin u'yrenip,
Bildim bilmegenimdi.

Woti'ri'wdi' partada,
Mug'allimim u'yretti,
«J» ha'ribi jaqsi'ni' —
Jamandi' da serletti.

U'yrengenmen qashshan-aq,
Ha'riplerdin' ba'rin de,
«K» ha'ribi saqlanar,
Ju'regimnin' to'rinde.

Qa'dirdani'm ustazi'm,
Umitlendin' mennen sen,
«Q» ha'ribin u'yrenip,
Zawi'qlandi'm sennen men.

Atlari'n'di' kitaptan,
Woqi'di'm ha'm yad yettim,
«L» ha'ribin u'yrenip,
Kewilimdi shad yettim.

«M», «N» ha'ripleri,
Zawi'q ha'm de yosh berdi,
Birim-birim u'yrendim,
Jiger ha'm de ku'sh berdi.

«N'» ha'ribi kerek yeken,
Kewilimdi nag'i'shladi',
Ha'm balali'q ju'regime,
Sheksiz ilham bag'i'shladi'.

«O», «O'» ha'ribi de,
Quwani'shqa bo'ledi,
Ilim-bilim si'rlari'n,
Teren' bilgim keledi.

«P», «S» ha'riplerin,
A'lleqashan u'yrendim,
Wo'zimshe pikir ju'rgizip,
Ha'riplerge ma'n berdim.

Woti'z yeki ha'riptin',
Wo'zlestirdim ba'rin de,
Ha'riplerdi umi'tpay,
Saqlayman ju'rek to'rinde.

## II.

HA'MME:

Birge woynap-ku'lip-em,
Xosh bol, menin' a'lipbem!

## WOQI'WSHI'LAR A'LIPBE MENEN XOSHLASADI'

*(Mug'allim xoshlasi'w ha'm sa'lemlesiw taqmaqlari'n woqi'wshi'larg'a bo'lip beredi)*

Jiger tasi'p boyi'mda,
Saqlanasan' yadi'mda,
Jaynaysan' ko'z aldi'mda,
Xosh bol, menin' a'lipbem.

Ha'r betin'e til pitken,
Ju'zlerime nur sepken,
Wo'mirimdi gu'l yetken,
Xosh bol, menin' a'lipbem.

Usap a'ziz anama,
Bilim quydi'n' sanama,
Sensiz kewlim tola ma,
Xosh bol, menin' a'lipbem.

Ha'riplerdi u'yretken,
Jaqsi'li'qti' yad yetken,
Kewilimdi shad yetken,
Xosh bol, menin' a'lipbem.

Shiyrin-sheker so'zlerin',
Aq shi'rayli' ju'zlerin',
Seni qi'ymas ko'zlerim,
Xosh bol, menin' a'lipbem.

To'rt ayli'q joldasi'm,
Yen' bir jaqi'n si'rlasi'm,
Yeske alaman muddasi'l,
Xosh bol, menin' a'lipbem.

**III.**

HA'MME:
Iyeleyin sennen ilim,
Hu'rmetleyin ana tilim.

## SA'LEM, MENIN' ANA TILIM!

Ne aytsan' da qi'layi'n,
Da'rgayi'n'da jaynayi'n,
Senin' menen bolayi'n,
Sa'lem, menin' ana tilim.

Baslari'n'nan si'ypayi'n,
Bawi'ri'ma basayi'n,
Ba'rha taza uslayi'n,
Sa'lem, menin' ana tilim.

Qa'dirin'di bileyin,
Basgeneme ten'eyin,
Seni dan'qqa bo'leyin,
Sa'lem, menin' ana tilim.

**IV.**

HA'MME:

Iske asqay talabi'n',
Sa'lem, woqi'w kitabi'm!

## SA'LEM, WOQI'W KITABI'M!

Ma'n'gi joldas yeteyin,
Kewilin'e jeteyin,
Qa'dirleyin, ku'teyin,
Sa'lem, woqi'w kitabi'm.

Qatari'n'da ju'reyin,
Ne tilesen' bereyin,
Izlerin'e yereyin,
Sa'lem, woqi'w kitabi'm.

Joli'n'da taq turayi'n,
Mushkilin'e jarayi'n,
Seni maqtap ji'rlayi'n,
Sa'lem, woqi'w kitabi'm.

«A'LIPBE BAYRAMI'»ni'n' keyni taqmaq, qosi'q ha'm woyi'nlarg'a ushlasadi'.

# MAZMUNI'

## Gu'rrin'ler

Maratti'n' tawi'g'i'...3
Aq bantik...5
Wo'telgen ayi'p...7
Qanat qaqqan qarli'g'ash...9
Wo'kinish...12
Bala tili shiyrin...13

## Qosi'qlar

Ay quwi'rshaq...15
Anajan...15
Uyqas tapsan' jumbaqlari'm sheshiler...15
Muz qaymaq...18
Dosti'ma...19
Ana tilim — jani'm qa'lbim...19
«A'lipbe bayrami'»ni'n' u'mit-tilekleri...20